83.3(5Кәр)
К-76

ERNAZAR ALAKÓZ

Сабыр КАМАЛОВ



# ЕРНАЗАР АЛАКӨЗ

Сабыр Камалов

# ЕРНАЗАР АЛАКӨЗ

# XIX ӘСИРДЕ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ МӘМЛЕКЕТШИЛИГИН ТИКЛЕГЕН ҚАҲАРМАН

*(Халық батыры Ерназар Алакөздиң туўылғанына 200 жыл толыўына бағышланады)*

*Екинши басылым*

МАЖБУРИЙ НУСХА

186017

НӨКИС
«БИЛИМ»
2017

УОК 94 (575.172)
КБК 83.3(5Қар)
К — 16

Сабыр Камалов. Ерназар Алакөз XIX әсирде қарақалпақлардың мәмлекетшилигин тиклеген қаҳарман. *(Халық батыры Ерназар Алакөздиң туўылғанына 200 жыл толыўына бағышланады)* — Нөкис.: «Билим», 2017. 44-бет. Екинши басылым.

УОК 94 (575.172)
КБК 83.3(5Қар)
К — 16

Академик С.Камаловтың бул китабында XIX әсирде жасаған қарақалпақтың ер жүрек батыры Ерназар Алакөздиң ел азатлығы ушын алып барған гүреси ҳаққында сөз етиледи. Бул китапты оқыған ҳәр бир инсанның жүрегинде ўатанға деген муҳаббат ҳәм садықлық сезимлерин оятыўы сөзсиз.

ISBN 978-9943-4441-6-4
© «Билим» баспасы, 2017-ж.

> *«Ғәрезсиликтиң нәтийжесинде қарақалпақ халқы жүдә көп қәдириятларын қайта тиклеў имканиятына ийе болды. Әдиллик ҳәм теңлик, азатлық ҳәм еркинлик ушын гүрескен Ерназар Алакөз... қусаған халық қаҳарманларының арзыў-әрманлары иске асты».*
>
> ***И.КАРИМОВ.***

## КИРИСИЎ

Өзбекистан Республикасының ғәрезсиз мәмлекет болыўы ҳәм оның қурамындағы Қарақалпақстанның еркин республика болыўы халықлардың өзиниң тарийхына болған қызығыўшылығын арттырып жиберди. Сонлықтан соңғы ўақытлары баспа сөзде тарийхый ўақыяларға бағышланған мақалалар көплеп жәрияланып атыр. Солардың ишинде халық азатлық гүреслеринде, олардың қаҳарманларына арналған мақалалар дыққатқа ылайық. Бул заңлы қубылыс деп ойлайман. Өйткени, бүгинги күни өз еркинлигин қолына киргизген халықлар сол еркинликке қандай ерискенлигин көрсететуғын тарийхлар менен қызықпаўы мүмкин емес.

Қарақалпақ халқы Арал теңизиниң қубласында, Әмиўдәрьяның төменги ағысындағы жерлерде, яғный ҳәзирги өзиниң республикасы аймағында көп заманлардан берли жасап киятырған халық. Оның ата-бабалары болған сарматлар, апасиаклар, печенеклер әййемги заманлардан усы жерлерде дөреген ҳәм жасаған. Қарақалпақлар халық болып қәлиплескенге дейин де (XII—XIIIәә.) усы Әмиўдәрья бойында, өзиниң ата-бабаларының жеринде жасаған. Бирақ, XIII әсирдеги Шыңғысхан шабыўыллары оларды усы ата журтынан

көшип кетиўге мәжбүрлейди. Әсиресе буған Шыңғысхан әскерлериниң Әмиўдәрьяның суўын Сарықамыс, Узбой тәрепке ағызыўы себеп болды. Суў бармай қалғанлықтан Әмиўдәрьяның төменги жағы XIII — XIV әсирде қуўрап қалады. Арал теңизиниң суўы төменлеп, бурынғы егислик жерлерди қум басып кетеди. Усының нәтийжесинде қарақалпақлар ата мәканынан түрли тәреплерге көшиўге мәжбүр болады. Халқымыздың бул дәўирдеги тарийхы елдиң аўызбиршилиги, тиришилиги ушын болған үлкен гүреслер менен сыпатланады.

Арал теңизине Әмиўдәрья XVI әсирдиң ақырынан баслап қуяды. Әмиўдәрьяның төменги жағына суў келиўден қарақалпақлар ата журтына қайтып келе баслайды. Қарақалпақлар XVI әсирдиң ақырынан XIX әсирдиң басына дейинги дәўирлерде Аралдың қубла жағалаўларына ораналасып, бурынғы өзлериниң жерлерине ийелик етеди. Олар араллы өзбеклер менен бирге дерлик еки әсир даўамында (XVII—XVIII әә.) Хийўа ханлығынан ғәрезсиз өз алдына мәмлекет (Аральское владение ямаса Шахтемир ханлығы) болып жасайды. Араллылар (қарақалпақлар ҳәм өзбеклер) өзлериниң ғәрезсизлигин сақлап қалыў ушын Хийўа ханлығына қарсы удайына гүрес жүргизип турады. Бул дәўирдеги халық азатлық гүреслериниң қаҳарманлары болған ағайинли қарақалпақ Бегис, Мыржық, (Миршах), өзбек Төремурат суўпылардың атлары Хийўа ханлығын титиреткен.

Узақ жүргизилген урыслар ақыбетинде XIX әсирдиң биринши шерегинде Хийўа ханы Мухаммед Рахим Арал бойы халықларын (қарақалпақ, өзбек ҳәм қазақларды) өзине бағындырып алады, Арал мәмлекети сапластырылады.

XIX әсирдиң ортасында Хийўа ханлығында сиясий аўҳал кескинлеседи, урыс-жәнжеллер өзиниң ең жоқары шыңына жетеди. Халықлардың аўҳалы жүдә шыдамаслық дәрежеге келеди. Сонлықтан Әмиўдәрьяның қуяр жеринде жайласқан қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар, түркменлер менен бирге 1855—1856-жыллары Хийўа ханлығының деспотизмине қарсы көтерилис шығарады. Көтерилис халық-азатлық сыпатына ийе болып,

көтерилисшилер Хийўа ханлығынан бөлинип шығып, өз алдына мәмлекет болыўды алдына мақсет етип қояды. Усы көтерилисте қарақалпақлардың халық азатлық ҳәрекетиниң қаҳарманы, жоқырда айтылған Мыржықтың баласы Ерназар Алакөз болған.

Ерназар Алакөз, оның ерлиги, бир сөзлиги туўралы халық арасында көп аңызлар таралған. Оның батырлығын жырлап атақлы Бердақ шайыр өзиниң «Ерназар бий» поэмасын жазған. XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары Өтеш, Әжиниязлар да оның батырлығын жырлаған. Ҳәттеки Хийўа сарайы шайыры Огаҳий де оны мойынлаған. С.Мәжитов болса «Ерназар Алакөз» деген пьесасын дөретти. Белгили шайырларымыз Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов, А.Муўсаевлар да өзлериниң шығармаларында Ерназар Алакөзди қарақалпақ жигитлерине халық батыры сыпатында үлги етип көрсетеди. Усы бағдарда М.Дәрибаевтың «Әрман» пьесасы жазылды. Ерназар Алакөз қайсы дәўирде болмасын халық жүрегинде сақланып келди. Кейинги дәўирде әдебиятымызға кирип келген жас жазыўшы-шайырларымыздың қәлеминде де бул тема қайта жанланды ҳәм усының нәтийжесинде 1993-жылы «Қарақалпақстан баспасынан «Елим ел болсын деп едим» атамасындағы жаңа топлам жарыққа шықты.

Қарақалпақ халық жазыўшысы Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясының 3-китабы Ерназар Алакөзди сөз етеди.

П.П.Иванов, С.П.Толстов, Т.А.Жданко ҳәм Я.Г.Гулямовлардай белгили тарийхшы алымлар өзлериниң илимий мийнетлеринде Ерназар Алакөз ҳәм оның басшылығында болған халық азатлық гүреси туўралы жақсы пикирлер жазады[1].

---

[1] Бул туўралы төмендеги жумысларды қараңыз: Иванов П.П.Новые данные о каракалпаках. Советское востоковедение, том III. М — I, 1945 т; Толстов С.П.Основные итоги и очередные задачи изучения истории и археологии Каракалпакии и каракалпаков. Бюллетень Академии наук Узбекской ССР, 1945, №9—10; Жданко Т.А.Каракалпаки Хорезмского оазиса Т.Э., т. I, М., 1952; Гулямов Я.Г. История ирригации Хорезма с древнейших времен до наших дней. Ташкент, 1957.

Жас жазыўшы Қошетеров Жолдасбай 2006-жылы «Халқыңа разы болғайсаң Ерназар Алакөз» деген эссены баспадан шығарды.

1955—1958-жыллары баспадан шыққан китапларымда[1] мен Ерназар Алакөздиң 1955—1956-жыллардағы халық азатлық көтерилисиндеги тутқан орнын, қаҳарманлық ҳәрекетлерин илимий жақтан дәлилледим.

Усы азатлық көтерилиси ҳәм оның қаҳарманлары 1974, 1986-жыллары баспадан шыққан «Қарақалпақстан тарийхы» китабына киргизилген. Ерназар Алакөз басқарған бул көтерилис көп томлық «Өзбекистан тарийхы»ның 1993-жылы шыққан үшинши томынан[2] да орын алған. Ерназар Алакөзге 14 томлық «Өзбекистан энциклопедиясы»ның 4-томында азатлық батыры сыпатында анықлама берилген[3].

Ерназар Алакөз туўралы жақсы пикирлер Өзбекистанның ҳәм Қарақалпақстанның жаңа тарийхында, Өзбекистан энциклопедиясының жаңа редакциясында оның сүўрети менен берилген[4].

Солай етип, Ерназар Алакөз халық тәрепинен, улыўма жәмийетшилик ҳәм баспасөз тәрепинен танылған, халық батыры ретинде мойынлынған шахс. Сонлықтан республикамызда бул инсанның туўылғанына 200 жыл толыў күнин кең түрде белгилеў заңлы ҳәм орынлы.

Соңғы ўақытлары Қарақалпақстанда ол қаҳарман туўралы газета ҳәм журналларға статьялар шығып атыр.

---

[1] Камалов С.Қарақалпақлардың XIX әсирдеги Хийўа ханларына қарсы халық азатлық гүреслери. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1955; Сол автор. «Каракалпаки в XVIII—XIX веках», Ташкент, «ФАН», 1968.

[2] История Узбекистана т. III, Ташкент. Издательство «Фан» Академии наук Республики Узбекистан, 1993. Стр. 310-312.

[3] «Ўзбек совет энциклопедиясы», Т. IV. Ташкент, 1973, 214-бет.

[4] Ўзбекистоннинг янги тарихи. 1-Том. Тошкент. «Шарқ». 2000. 316-бет. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2003. 27—28-бетлер; Ўзбекистон миллий энциклопедияси. 3-жилд. Тошкент. Давлат илмий нашриети. 2002. 452-бет.

Солардың қатарында мен де 1993-жылы «Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен «Ерназар Алакөз — халық батыры» деген китапша шығарған едим. Ол китапты оқыған көплеген оқыўшылар өзлериниң тилек ҳәм усынысларын билдирип, китапшаны толығырақ етип қайтадан шығарыўды талап етти. Усындай усыныс Ерназар Алакөзге бағышланған 1996-жылдың 30-апрелинде Өзбекистан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан Бөлиминде болып өткен илимий конференциясында да берилди. Усыған байланыслы мен бир қатар өзгерислер ҳәм мағлыўматлар менен толықтырып, 1997-жылы «Қарақалпақстан» баспасынан «Халқы ушын шейит өлген батырым» деген китапша шығардым. Енди Ерназар Алакөздиң туўылғанына 200 жыл толыў мүнәсибети менен оның қарақалпақлардың мәмлекетшилигин тиклеўдеги ролин көрсетиў мақсетинде толықтырып қайтадан баспаға таярладым.

## 1855—1856-жыллардағы Хийўа ханларына қарсы халық азатлық көтерилиси

XIX әсирдиң басында Хийўа ханы Мухаммед Рахим өз азатлығын ҳәм мәмлекетшилигин сақлап қалыў ушын гүрес жүргизип атырған Араллы ҳәм Жаңадәрьялы қарақалпақларды биротала бағындырып алды. Қарақалпақлардың Әмиўдәрьяға қуяр жеринен Жаңадәрьяға дейинги жерлерин Хийўа ханлығы өз қол астына өткерди. Соның менен бирге Арал мәмлекети ҳәм Еркин Жаңадәрья ели сапластырылды. Қарақалпақлар бурынғы заманлардағы өзлериник ата-бабаларының жерлерине, яғный түслиги Тамды булақ, арқасы Арал теңизиниң қубла жағаларындағы аралықта орналасып, ол жерлерди тез арада өзлестирип алды. XIX әсирдиң биринши шерегинде-ақ қарақалпақлар өзлериниң дийханшылық, мал шарўашылық, балықшылық ҳәм өнерментшилик кәсиплерин раўажландыра баслайды. Бирақ, Хийўа ханы Мухаммед Рахим буларды жаўлап

алған ел есабында аўыр салық алым төлеўге мәжбүрлейди. Халық салықты дәслеп отырған жериниң көлемине қарай төлеўге мәжбүр болған. Бул олар ушын оғада аўыр болған, өйткени жер көп болған менен ҳәммесине егин егип үлгериў мүмкин болмаған. Салықты егин еккен жерден де, екпеген жерден де алған. Бул жағдай қарақалпақларды наразылыққа алып келген. Кейин Мухаммед Рахим хан жер салығының орнына қарақалпақлар ушын кеспе салық орнатқан. Қарақалпақлардың ҳәммесин 20 мың үй деп есаплап ҳәр үйге бир тилладан белгилеп, оларға жылына 20 мың тилла салық төлейтуғын еткен. Бирақ бул да аўырлық еткен.

1825-жылы қарақалпақлардың жерин жаўлап алған Мухаммед Рахим хан өледи. Оның орнына үлкен баласы Аллақулы хан болады. Жаңадан болған хан әкесиниң урыс сиясатын даўам етип, биринши жумысын Персияның шегарасында турыўшы курдлардың көтерилисине қарсы жүрис жасаў менен баслайды[1].

Жаңа ханның жүрислери бул көтерилисти басқаннан кейин де тоқтатылмады. Аллақулы хан өзиниң кишкене иниси Рахманқулы инақты Хорасан ҳәм Мешхедти жаўлап алыўға атландырады. Хийўаның әскерлери Мешхедти жаўлап алды деген хабарды естиўден-ақ Аллақулы Гүргенниң қасындағы түркменлерге жүрис баслайды[2].

Солай етип, Хийўа ханлығының басып алыўшылық сиясаты жаңа ханның тусында да тоқтамады. Керисинше, бул сиясат күшли түрде раўаж алды. Удайына болып туратуғын бул урыс ханлықтағы халықлардың аўҳалын аўырлатты. Басқа халықлардан гөри бурыннан аўҳалы төмен болған қарақалпақларға бул бүлгиншилик күннен күнге азап-ақыретке айланды.

---

[1] Веселовский Н.И. Очерки историко-географических сведений о Хивинском ханстве, от древнейших времен до настоящего, СПБ 1877, 305-бетти қараңыз

[2] Бул да сонда, 306-бетти қараңыз.

Олардың Хийўа ханларына болған наразылғы жылма-жыл өсип, 1827-жылдың өзинде-ақ ол шегине жетти. Сонлықтан қарақалпақлар 1827-жылы Хийўа ханына қарсы көterилис шығарды. Көterилисти қытай руўы баслайды. Кейин оған қолдаўлы руўынан Айдос бий басшылық етти. Бирақ, Айдос бий өзиниң алдына қарақалпақларды Хийўа ханлығынан көшип, басқа ханлыққа алып барыўды мақсет еткенликтен, оны ҳәмме қуўатламай, көterилис тез арада бастырылады. Бирақ, қарақалпақлардың 1827-жылғы көterилиси, ҳақыйқатында Айдос бийдиң мақсетине арналған ҳәрекетке айланып кетиўине қарамастан, қарақалпақ халқының тарийхында үлкен әҳмийетке ийе. Өйткени, бул көterилис халықтың Хийўа ханларына болған наразылығын ашық түрде көрсетти ҳәм көterилис жасаўға удайына таяр турғанлығын билдирди.

Қарақалпақлардың аўҳалы 1827-жылғы көterилистен кейин бурынғыдан да төменледи. Аллақулы хан көterилис жасағанлардың жерлерине жақын Дәўқара көлине қуятуғын өзекти байлап таслап, қарақалпақлардың дийханшылық районларының ең әҳмийетли бөлегиниң жерлерин, Көк өзек бойларын шөлистанға айландырды.

XIX әсирдиң ортасында Хийўа ханлығында сийсий жағдайлар кескинлесип, онда жасаўшы халықлардың социал-экономикалық жағдайы төменлеп кетеди. Ханлардың халықтан алатуғын алымлары жылдан-жылға көбейеди. Бириншиден, жоқарыда айтылғандай, қарақалпақлар ҳәр жылы ханның ғәзийнесине 20 мың тилла (алтын) жыйнап бериўге мәжбүр болған. Бул оғада аўыр салық еди. Оның үстине урыс жыллары қарақалпақлар еки мың әскер бериўи керек болған. Оның ғәрежети жылына 140 мың тиллаға барған. Хийўа ханлығында бул дәўирлерде урыссыз жыллар аз болған. 1825-жылдан 1855-жылға дейин Хийўа ханлығында үш хан алмасады. Булардың ҳәммеси де аяўсыз, езиўшилик сиясатын ҳәм ханлықтағы халықларды бүлдиретуғын удайына урыс сиясатын даўам етти. Мәселен, Мухаммед

Амин ханның 1845-жылдан 1855-жылға дейинги он жыл ханлық еткен дәўиринде урыссыз бирде жыл болмаған. Әскерий шығынға жумсалатуғын барлық ғәрежетлер халықтан басып алыўшылық жолы менен жыйналды.

1849-жылы Хийўа ханлығының қол астында қазақлардың турмысын көрген орыслар былай деп жазған: «Бахытсыз қазақлардың жарлылығы жүдә адам шыдамаслық жағдайда, бул жарлышылық ҳаққында егер көзиң көрмесе сондай да жарлышылық болады екен деп ойлаў да мүмкин емес, соларды көрип, адамның буныңдай шыдамлы болатуғынына ҳайран қаласаң, олардың кийимлери барлы-жоқлы, жасайтуғын жери есиктен келген қыстың қақаман суўығының самалы иркилмей төринен өтип кететуғын тесик-тесик қара үйлер ҳәм өзлери ашлықтың қысымынан өлим халатында»[1].

Орыс художниги Николай Каразин де қарақалпақлардың үйлериниң, турмысының оғада жарлы екенлигин жазған. Олар орысларға «Хийўа ханлары урыс болса әскерликке адам алып қолларымызды байлайды, жаплар қазылмай қалып қумлар егислик жерлеримизди көмеди, ашлық, жарлышылық усының себебинен» деп арыз қылған.

Хийўа ханлығының қол астындағы халықлар — өзбеклер, қарақалпақлар, түркменлер, қазақлар кем-кемнен өзлериниң езилиўде турған жағдайын түсине баслайды. Буған бир жағынан Хийўа шегарасына руслардың жақынласып келгени себеп болады.

XIX әсирдиң 40-жылларында орыс патшалығы Орта Азия ханлықларына өзиниң тәсирин күшейтиў мақсетинде Хийўаның, Бухараның, Қоқандтың шегараларына кем-кемнен жақынласа отырып, қазақ

---

[1] Камалов С. Қарақалпақлардың XIX әсирдеги Хийўа ханларына қарсы халық азатлық гүреслери. Нөкис «Қарақалпақстан» баспасы, 1955ж. 79-бет ЦГАВМФ 4-фонд, (Бутаковтың хатлары) 81 дело, 83-бет.

далаларында әскерий қорғанлар дүзиўге кириседи. 1847-жылы Райым қорғаны салынады (ол 1851-жылы Арал қорғаны ямаса форт Қ1 деп аталады). 1847-жылы Арал флотилиясы дүзилди. Усы флотилияның жәрдеми менен Арал теңизинде, Сырдәрья менен Әмиўдәрьяның қуяр жеринде изертлеў жумысы ҳәм Орта Азия ханлықларына алдағы ўақытта болатуғын топылысқа таярлық жумысларын жөргизди. 1853-жылы орыслар Қоқанд ханлығынан Ақ мешитти тартып алды (ол кейин форт №2—Перовск деп аталады. 1854-жылы форт Қ1 (Арал порты) форт №2 (Перовск) флотларын қосып Россия мәмлекети Сырдәрья линиясы (шегарасын) дүзеди ҳәм оны беккемлеўге кириседи.

Сырдәрья шегарасының беккемлениўи менен Россия ҳүкимети усы шегараға жақын жерлерде жасап атырған қазақ аўылларына жасап турған Хийўа әскерлериниң топылысларын тоқтатты. Россияның қол астындағы жерлерде бурын үзликсиз болып туратуғын феодаллық урыс-жәнжеллер тоқтайды. XIX әсирдиң биринши ярымында қазақлардың экономикасында ҳәм мәдениятында прогрессивлик өзгерислер пайда бола баслайды. Тыныш турмыс мал-шарўашылығының раўажланыўына мүмкиншилик туўдырады. Аўылларда мектеплердиң саны өседи. Жәмийеттеги қул жумсаў тәртиплери бийкар етиледи. Қазақстан жерлериндеги усындай ҳәм басқа да прогрессивлик өзгерислер ханлықлардағы халықларға өз тәсирин тийгизеди.

Расында да Сырдәрья шегарасындағы усы болып атырған өзгерислер ҳаққында, шегарада турыўшы қазақлардың парахатшылықта, өзлерине қарағанда жақсылаў жағдайда турғанын Хийўа ханлығындағы халықлардың билмей турыўы ҳәм ол ҳаққында еситпеўи мүмкин емес еди. Ханлықтағы халықлар өзлериниң аўҳалы менен салыстырып, өзлериниң бүлгиншилик жағдайда туратуғынын ҳәм оның себеплерин түсине баслайды. Оларда енди усындай бүлгиншиликтен қутылыўға тек Россия ғана жәрдем бериўи мүмкин деген түсиник пайда болады. 1849-жылы Оренбург шегара

комиссиясы Россияның сыртқы ислер министрлигине «қазақлар, қарақалпақлар ҳәм түркменлер улыўма алғанда Хийўа ҳүкиметиниң жаўызлығы менен реҳимсизлигине наразы. Ҳәтте өзбеклердиң (Хийўалылардың) көпшилиги орыслардың қараўына өтсек бундай мың рет өлип жүргеннен тек әжелимизден өлер едик»[1] деп жазған. Ал, сол Оренбург шегара комиссиясының 1852-жылғы жазған есабында «Мухаммед Амин ханның түркменлерге он жылға шекем жасаған атланыслары ханлықтағы халықлардың аўҳалын төменлетип жиберген, хан олардың түйелерин дерлик пулсыз алып, әскерликке жумсайды ҳәм ханның ҳүкиметиниң халықты шексиз қысыўының ақыбетинде, ханның ғәзийнесиниң урыс ушын жумсалып таўсылғанын ханлықта ҳәмме дерлик... «орыслар Хийўаны ала қойса екен деп тилек тилейди. Хийўаның Россияға өтиўин айрықша Хийўа ҳүкимети тәрепинен кемситилетуғын қарақалпақлар қәлейди»[2] делинген.

Хийўа ҳүкимети XIX-әсирдиң орталарында Россияның ханлықтағы халықларға тәсирин пәсеңлетиў ушын бирқанша илажлар ислейди. Сырдәрьяға жақын жерлердеги ески қорғанларын беккемлейди, Россия менен саўда-сатық ислерин қысқартыўды, халықлар арасында орысларды жек көрсетиў ушын үгит-нәсият жумысларын шөлкемлестиреди. Бирақ, Хийўа ханларының бул иләжлары халықлардың Россияға өтиў ушын интасын пәсеңлете алмаған.

Соның менен бирге Хийўа ханлығында халықлардың жағдайы жылдан жылға төменлей береди. Архив дереклериниң мағлыўматларына қарағанда, 1853-жылы

---

[1] Камалов С.Қарақалпақлардың XIX-әсирдеги Хийўа ханларына қарсы халық азатлық гүреслери. Нөкис, «Қарақалпақстан» мәмлекетлик баспасы, 1955 ж. 80-бет.

[2] Камалов С. Қарақалпақлардың XIX-әсирдеги Хийўа ханларына қарсы халық азатлық гүреслери. Нөкис, «Қарақалпақстан» мәмлекетлик баспасы, 1955 ж. 83-84-бетлер.

ханлықта ашаршылық күшейеди ҳәм түрли киселликлер пайда болады. Сол жылы халық тырыспай кеселлиги менен де аўырған. Ол кеселлик Хийўа қаласында да таралған[1]. Усыған қарамастан хан халықлардан алатуғын алымлардың көлемин бурынғыдан да көбейткен. Бердақтың:

«Былтырғыдан быйыл жаман,
Қалай-қалай болды заман,
Ғәрип-қәсер қалмай аман,
Он тилладан келди салық».

—деген қосығы сол заманға сәйкес келеди.

Жылдан-жылға аўырланып баратырған бул жағдай Хийўа ханлығындағы халықларды ханға қарсы көтерилиске алып келеди.

1847-жылы Сырдәрья бойларында Хийўа ханының қараўындағы қазақлар көтерилис жасайды. Олар Хийўаға тийисли болған Жаңа Қала деген қорғанды басып алып Рус пухарашылығын қабыл еткен еди[2]. Ханлықтың ишиндеги, яғный қарақалпақлар менен аралас отырған қазақлар да көтерилис жағдайында жасады.

Ең дәслеп Хийўа ханына қарсы Мары ҳәм Серахстағы түркменлер көтерилиске шығады. 1855-жылдың февраль айында усы түркменлерди бағындырыў ушын ислеген атланысында Хийўа ханы Мухаммед Амин қайтыс болды. Оның орнына Абдулла хан болады. Көп узамай-ақ оны да түкменлер өлтиреди. 1855-жылдың 3-сентябринде тахтқа Қутлымурат хан ийелик етеди. Бул хан қазақлардан, қарақалпақлардан ҳәм аралы өзбеклерден әскер

---

[1] Ленинградтағы ЦИА, 853 фонд (Б.В.Григорьевтиң қағазлары) 25 дело, 51 қағаз; 1291 фонд, 8125 дело, 386 қағаз.

[2] Бакшилов С.К. Қазақстанның Орта Азия ханлықлары менен XIX әсирдиң биринши ярымындағы қарым-қатнас. Москва, 1951-ж., 16-бетти қараңыз.

жыйнап, түркменлердиң көтерилисин бастырыўға талапланады. Бирақ, сол жылы ноябрь айында Хийўа ханлығына қарсы қарақалпақлар да көтерилис шығарды.

**Көтерилистиң бағдары ҳәм басшылары туўралы**

1855-жылдың гүзинде қарақалпақлар Хийўа ханының қатты езиўине, деспотизмине қарсы үлкен көтерилис шығарды. «Бул көтерилис, — деп жазады П.П.Иванов — Хийўа ханлығында сиясий ўақыялар шийеленисип, ҳүкимет бир қолдан екинши қолға өтип, опозициядағыларға... қолайлы жағдай келип турған ўақытта келип шықты»[1].

Сол заманларға тийисли Хийўа хроникаларының мағлыўматлары ҳәм халық аңызларына қарағанда, қарақалпақлардың көтерилисиниң басында Қоңыраттың қолдаўлы руўынан шыққан Ерназар Алакөз турған.

Хийўа ханының сарай тарийхшылары: «Ерназар бий өзиниң ақмақ ҳәм жаман нийетлилигинен көтерилистиң басында турған. Көтерилисшилер душпанлық жолына түскен бузық қарақшылар ҳәм гәззаплар»[2] деп жазған. Халықтан жыйналған аңызлар бул сарай тарийхшыларының пикирине пүткиллей қарама-қарсы. Халық аңызлары көтерилистиң келип шығыў себеплерин ҳәм Ерназар Алакөздиң Хийўа ханын не себептен жек көргенин анықлайды. Усы аңызларда мынадай делинген «Айдос бийдиң Бегис ҳәм Мыржық деген еки иниси қарақалпақларды өз алдына ел қыламыз» деп Хийўа ханына қарсы гүрес жүргизген. Айдос Хийўа ханының айтыўы менен 1810-жылы дәслеп Бегисти, оннан соң Мыржықты өлтирип ханға жаранған, Бегистен бала қалмаған. Мыржықтан төрт жасар Ерназар деген бала

[1] Иванов П.П. Новые данные о каракалпаках. Т. III, М.-Л., 1945, 7-бет.

[2] Материалы по истории каракалпаков. Фирдосусу аль Икбал. Москва-Ленинград. Стр. 106.

қалған. Ерназардың анасы Қумар мәрт ҳаял болған. Күйеўи өлгеннен соң ол өзиниң туўысқанларына барып баласын тәрбиялай береди. Ерназар күшли ҳәм батыр жигит болып өседи. Анасы оны жаслайынан Хийўа ханына өшпенли етип тәрбиялайды. «Сениң әкеңди өлтирген Айдос, ол Хийўа ханының оң қолы еди, сонлықтан сен әкеңниң өшин Хийўа ханынан алыўың керек» деген. Ерназар жас жигит ўақтында жүдә күшли болған. Бир сапары Хийўада болған гүресте Ерназар ханның бас палўанын ханның аяғының астына тартып урған. Буған хан ашыўланып, Ерназарды зинданға салған. Бул ўақыядан кейин көп кешикпей Хийўаға түркменлерден палўанлар келип, Хийўаның палўанларының ҳәммесин жығады. Енди түркмен палўанлары менен гүресетуғын адам табылмағанлықтан Ерназарды зинданнан шығарып алып гүрестирген. Түркмен палўан Ерназардан жығылады. Ерназар Хийўада көп жүргеннен кейин зорға бийлик атағын алады. «Ерназар Хийўаның салық жыйнаўшыларынан жыйналған салығын басып алып, халыққа тарқатып береди екен», «Хийўа ханының салық жыйнаўға жиберген адамларын қуўып жибере бергенликтен хан Ерназарды Хийўаға шақырып алып 5 жыл қамайды. Түрмеден шыққаннан кейин, хан алдастырып өзине хызметке алыў ушын оны бир нешше жыл сарайда сақлайды ҳәм Хийўалы қызға үйлендиреди. Бирақ та бәри бир Ерназар хан тәрепине өтпейди». Сонлықтан хан ақырында оны бийлик атақтан айырады. Бирақ Ерназар өзин қарақалпақтың басқа бийлеринен кем санамайды. Хан бийликтен айырса да басқа бийлер менен бирге Хийўаға бара береди. Бий болмаса да халық ишинде абыройлы болады. Бир сапары Ерназар қарақалпақтың бийлери ҳәм өзи туўралы Хийўада былай деген:

«Өгизликке Ораз зор,
Шешенликке Арзы зор,
Хан қасында Қабыл зор,
Қаратаўдан өткен соң,
Ҳәммесинен дәкең зор».

Ақырында Ерназар Алакөз Хийўа ханына қарсы халық мәпи ушын гүрес жүргизиўге уйғарады. Халық аңызларына қарағанда да «Жылдан жылға жетиспеўшилик күшейе берген, халықтың аўҳалы жүдә жаман болған. Усыған қарамастан Хийўа ханы салықты тағы да көбейткен. Ерназар халыққа салық төлемең, бәри бир хан сизлерге ҳеш нәрсе ислей алмайды, деген. Буны хан еситип, Ерназарды Хийўаға шақыртқан. Ерназар барғаннан кейин оны дарға аспақшы болған. Бирақ ол қашып қутылған». «Хийўадан келгеннен кейин Ерназар қарақалпақларды басқарып турған барлық бийлерди жыйнап алған (ол ўақытлары бийлердиң ҳәммеси 60 болған). Ерназар ҳәм жыйналған 60 бий Хийўаға қарсы көтерилис жасаймыз деп ўәделескен. Ант ушын бир алманы 60 қа бөлип жеген»[1].

Солай етип, халық аңызлары бойынша Ерназар Хийўа ханын өзиниң атайы душпаны деп есаплап, оннан әкесиниң қанын алмақшы болған. Хийўа ханы да оны душпан деп есаплап, бийлигинен айырып, масқаралаған. Усы дәўирде халықтың да Хийўа ханының езиўине қарсы наразылығы барған сайын күшейип баратыр еди. Ерназар усы қолайлы жағдайдан пайдаланып, көтерилиске бас болыўды уйғарған. Егерде Хийўа тарийхшысы Ерназарды «жаман нийетли, ақмақ адам» деп есапласа, халық Ерназарды өзиниң досты, батыры деп есаплаған. «Ким ханға жақпаса, ол халыққа жағады» дейди халық нақылы.

Ерназарды хан жек көрсе, халық оны жақсы көрген ҳәм оған исенген. Оның мәртлиги туўралы Бердақ былай деген еди:

«Хан гүнакар қылғанында,
Бийлигини алғанында,
Ҳәм ақ үйли қылғанында,
Муңаймады Ерназар бий».

---

[1] Камалов С. Бул да сонда, 92-бет

Бизиң қолда бар мағлыўматларымыз бойынша Ерназар Алакөз 1806-жылы туўылған, 1856-жылы 12-июньде қайтыс болған.

Көтерилисшилер Хийўадан пүткиллей ғәрезсиз болыў мақсетинде өз алдына ханлық, яғный мәмлекет дүзиўди мақсет етип қояды. Бул жағдайда қарақалпақлар ханлықтағы қазақлар, түркменлер ҳәм араллы өзбеклер менен аўыз бириктиреди. Усы үш халық көп заманлардан бери Хийўа ханлығына қарсы оппозиция болып келген. Қарақалпақлар өткен әсирлерде ҳәтте өзлериниң ханлықларына да ийе болып келген. Олар усы дәстүрди даўам етиў мақсетинде өзлерине хан етип қазақ төрелериниң ишинен Зарлық төрени сайлаған. Буған елдиң ийшан уламалары да келисим берген.

Зарлық хан болыўға қолайлы адам, өзи жарлы қазақ, ҳәммеге тең қарайды, деп Ерназарды ханның қус бегиси (биринши ўәзири ҳәм әскер басы) етип сайлаған. Қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар бул ханлықты Хийўа ханынан ғәрезсиз деп жәриялаған. Түркменлер өз алдына ханлық болып, Атамуратты хан етип көтерген.

Бул ўақыя ҳаққында Ерназар өзиниң руслардың Сырдәрья шегарасының әскерий старшинасы (кейинен полковник болған) Илекей Султан, яғный Ирмухаммед Қасымовқа жиберген хатында: «Бизлер Үргенштен Қоңыратқа дейин ҳәм оннан Қубла батыста Сейилханға (түркменлерге—С.К.) дейинги халықлардың барлық қатламы болып, бизиң бурынғы ханның өз пухаралығына ислеген шеннен тыс қысымына ҳәм шексиз жаўызлығына, тағы да бизиң ханлықларымыздың ортасында гүнасыз төгилип атырған қанларға ҳәм басқа да азапларға шыдамастан ҳәммеси келисип, енди арамызда бундай азап-ақыретлерди тоқтатыў ушын ески ханлардың әўлады болған Зарлықты хан етип көтердик»[1]—деп жазған (1-сүўрет). Усыған қарағанда көтерилисшилердиң

---

[1] Камалов С.Каракалпаки в XVIII—XIX веках, Ташкент, изд. «ФАН», 1968, 203-бет.



*1-сүўрет.*

Ерназар Алакөз ҳәм Кенегес Ерназардың Илекей султанға жазған хаты



*2-сүўрет.*

Ерназар Алакөз ҳәм Бала — Ерназардың жеке мөрлери

халықлар арасындағы жәнжел тоқтататуғын әдил хан сайлап алыўды ҳәм өз мәмлекетин қурыўды мақсет етип қойған.

Ҳақыйқатында Зарлықты хан көтерип, Хийўадан ғәрезсизбиз деп жәриялағаннан кейин бираз ўақытқа дейин Әмиўдәрьяның төменги жағалаўында жасаўшы халықлар арасында аўыз биршилик ҳәм парахатшылық орнайды. Бул жағдай Ерназар Алакөз ушын қарақалпақлардың барлық руўларын бириктириўге мүмкиншилик туўдырады. Бул көтерилиске қарақалпақлардың еки арысы да (Қоңырат ҳәм он төрт руў) тең қатнасады, Қоңыратлылардың басында қолдаўлы Ерназар Алакөз турады да, он төрт руўдың басында кенегес руўынан Бала-Ерназар бий Қабыл улы (2-сүўрет) менен маңғыт руўынан Сайыпназар бийлер турады. Ерназар Қабыл улының жасы киши болғанлықтан оны Бала-Ерназар деп атаған. Оренбург архивиниң 1872-жылға тийисли дереклеринде де ол Бала-Ерназар деп аталған.

Архив дереклери менен халық аўзынан алынған аңызларға қарағанда, усы аты шыққан еки Ерназар ҳәм Сайыпназар бийлерден басқа көтерилиске ақ маңғыт руўынан Ерназар палўан бий, Қыпшақ руўынан Улыўшы Қутлыбаев, мүйтен руўынан Қутлымурат ҳәм басқалар да көтерилистиң басында болған. Солардан Бала-Ерназар бий менен Сайыпназар бийлерден басқалары Ерназар Алакөз бенен бирге көтерилис бастырылғанға шекем Хийўа ҳүкиметине қарсы белсене гүрес жүргизген.

1855-жылы декабрь айының басында Хийўа ханының әскерлигиндеги барлық қарақалпақ жигитлери елиндеги бул жағдайды еситип ҳәммеси қайтып көтерилисшилерге қосылады. Бул жағдай Хийўа ханының әскерий күшин ҳәлсиретип, көтерилисшилердиң поэзициясын (тәрепин) күшейтеди.

Сол жылы декабрь айында Хийўа ханы Қутлымурат қарақалпақлардың көтерилисин басыў ушын Яқып мәҳрем ҳәм Қудайберген дегенлердиң басшылығында әскер жибереди. Ханның бул отрядлары қарақалпақлардың жерине кириўден-ақ халықты тонаўға

кириседи. Қошқар ата әўлийесине жақын жердеги барлық қарақалпақ аўыллары тоналады[1]. Бирақ, бул отрядлар қарақалпақлардың көтерилисин баса алмайды. Қарақалпақлар көтерилис жасаған түркменлер менен бирликте ҳәрекет етеди. Усының ақыбетинде хан әскерлери декабрь айының ортасында Хожели қорғаның таслап қашады. Хожели көтерилисшилердиң қолына өтеди.

1856-жылы январь айының басында қарақалпақ ҳәм түркменлерге барлық қазақлар ҳәм араллы өзбеклер қосылады. Қазақ Батырхан Жанғазы Тюрин Қоңырат қаласына басшы болады. Көтерилисшилердиң орайы Шымбайдың Хожели тәрепинде 40 шақырымдай жерде жайласқан Жаңабазар болған.

Сол жылы январь айының ақырында Қоңыратты басқарған Батырхан Жанғазы ҳәм еки Ерназар барлық көтерилисшилердиң атынан Илекей Султанға ҳәм Оренбург далаларындағы пүткил қазақларға дослық хатын жазады (3-сүўрет). Онда: «Қарақалпақлардың, түркменлердиң ҳәм қазақлардың улысларында турыўшы ақыллы адамлар менен ойласып, Хийўаға қарсы халық мәпи ушын урыс басладық ҳәм бизиң халқымыздың парахат жасаўы ушын ески ханлардың әўладларынан болған Зарлықты хан етип көтердик, енди түркмен, қарақалпақ ҳәм қазақлар арасында ала аўызлық тоқтады, олар биринен бири басып алған адамлардың, малларын, затларын бир-бирине қайтып берди, сөйтип ҳәзир биз барлық саҳра өзбеклери болып ҳәммемиз доспыз ҳәм бир мақсеттемиз»[2]— делинген. Усы хатлардың улыўма мазмунына қарағанда, көтерилисшилер Россия қол астындағы қазақлардың, солар арқалы Россия ҳүкиметинен қандай да болмасын жәрдем күткендей

---

[1] Иванов П.П.Новые данные о каракалпаках, «Советское востоковедение», т. III, 1945, 16-77-бетлер.

[2] Камалов С.Каракалпаки в XVIII—XIV веках, Ташкент, изд. «Фан», 1968, 203-бет.



*3-сүўрет.*

Қоңыратты басқарған Батырхан Жанғазы ҳәм еки Ерназардың барлық көтерилисшилердиң атынан Илекей султанға, пүткил Оренбург қазақларына жазған хаты.

көринеди, бирақ Россия патшасы көтерилисшилерге жәрдем көрсете алмаған.

Хийўа ханы Қутлымурат көтерилисшилерге соққы бериў ушын пуқта таярлана баслайды. Ол көп әскер жыйнап, дәслеп түркменлердиң көтерилисин бастырыўды ойлайды. Бирақ ол усы таярлықты жүргизип отырғанда 1856-жылы февральдың басында өзиниң ағасы Магометнияз тәрепинен өлтириледи. Магометниязға түркменлер жәрдем береди. Хийўаға келген түркменлер оны хан етип қояйын деп атырғанда Хийўа әскерлери сарайды қоршап алып, Магометниязды ҳәм оған жәрдем берген түркменлерди өлтиреди. Бул ҳәрекетке 1806—1825-жыллары хан болған Мухаммед Рахим ханның баласы Сейид Мухаммед басшылық етеди ҳәм ол өзин Хийўаның ханы деп жәриялайды.

### Көтерилистиң жеңилиўи ҳәм оның себеплери

Сейид Мухаммед Қутлымурат ханның сиясатын даўам етип, түркменлерди бағындырыў ушын әскер жыйнаўға кириседи. Соның менен бирге ол көтерилисшилердиң арасына көп сандағы жансызлар жиберип, хан тәрепине өткенлерге үлкен лаўазым ҳәм пул бериўге ўәде етеди. Оның көтерилисшилерге жазған үндеўинде «Енди бурынғы болған ашыўыңызды ҳәм тәртипсизлигиңизди қойың, тоқтаўсыз иркилместен хан хызметине келиң, сизлерге ханның беретуғын барлық сыйлықларынан пайдаланың»[1] деген. Усындай жоллар менен Сейид Мухаммед хан 1856-жылдың февралының ақырында түркменлердиң бир бөлегин бағындырып өзине әскерий хызметке алады. Солай етип, ол түркменлердиң ханы Атамураттың күшин бөлип таслайды. Соның менен бирге кешикпей Сейид Мухаммед ханның әскерлери қарақал-

---

[1] Камалов С. Қарақалпақлардың XIX әсирдеги Хийўа ханларына қарсы гүреслери... 98-бет.

пақлардың, қазақлардың, түркменлердиң ҳәм өзбеклердиң Хожелидеги бирлескен күшине қатты соққы береди. Бул соққы олардың аўқамының ыдыраўына себеп болады. Қазақлардың көтерилиси Оренбург далаларынан қашып келген Азберген бийдиң жәрдеми менен тез ўақыттың ишинде бастырылып, олар бул аўқамнан шығып кетеди.

Сейид Мухаммед хан түркменлердиң бир бөлегин бағындырып, көтерилисшилердиң аўқамына соққы бергеннен соң қарақалпақларды араллы өзбеклерден бөлип таслайды ҳәм олардың басшыларының арасында түрли жоллар менен ала аўызлық туўдырады. Биринши гезекте ол өз тәрепине он төрт руўдың басшысы Бала-Ерназарды өткереди. «Басында кенегес Ерназар болған он төрт руўдың бийлери бийғамлық уйқысынан оянды...

Олар ханға бағынғанлығын ҳәм оған шын жүректен хызмет етиўге таярлығын, сөйтип Ерназар қолдаўлыға душпан болатуғынлығын ҳәммеси бир аўыздан билдирди»[1] — деп жазған ханның сарай тарийхшысы.

Халық аңызларына қарағанда, көтерилисшилердиң арасында жик шығыўына Бала-Ерназар болған. Сейид Мухаммед хан Бала-Ерназар арқалы он төрт руўдың басқа да бийлерин өз тәрепине өткереди. Бирақ он төрт руўдың барлық бийлери тегис хан тәрепине өтип кетпейди. Жоқарыда айтылғанындай-ақ, ақ маңғыт Ерназар палўан бий, қыпшақ Алыўшы Қутлыбаев қусаған бийлер көтерилистиң ақырына дейин Ерназар Алакөз бенен бирге Хийўа ханына қарсы урысады.

Халық аңызларына қарағанда, «Бала Ерназардың Хийўа ханына ашық түрде берилип кеткени мәлим болмастан бурын ол көтерилисшилердиң ханы Зарлықты кенегеслердиң арасына алып барып, оны халық пенен жақсы таныстырыўым керек деп аўылына алып кетпекши болады. Ерназар Алакөз бермейди. Көпшилик бийлер берип жибер деп мәсләҳәт етеди, соннан соң Бала-

---

[1] Материалы по истории каракалпаков. М. — Л., 1935, 132-бет.

Ерназар Зарлықты аўылына алып кетеди. Бирақ ол Зарлықты Хийўа ханы Сейид Мухаммедке апарып береди»[1]. Хийўа хроникасында да «Кенегес Ерназар қарақалпқлардың ханы Зарлықты Хийўа ханына тутып береди. Хийўаға алып келгеннен кейин Зарлық ханға масқарапаздың кийимин кийгизеди, бетине күйе жағып, белине ағаш пышақ байлап, басына қағаздан тажы кийгизеди. Сонан соң оны арық ешекке терис мингизип, қаланы айландырып шыққаннан соң дарға асады»[2].

Зарлықты Хийўаға алып кеткеннен соң, көтерилисшилердиң саны азайып, қарақалпақ бийлери еки қарама-қарсы топарға бөлинеди. Бир тәрепи бул Сейид Мухаммед ханға қарсы гүресті даўам етиў тәрепи, оны Ерназар Алакөз басқарады, Екинши тәрепи Хийўа ханына бағынып, ханның хызметинде болып көтерилисшилерди бағындырыў тәрепи, буның басында Бала-Ерназар менен Сайыпназар бий турады. Көпшилик бийлер өзлериниң алма жеп берген антын бузып, Хийўа ханы тәрепине өтип кетеди. Ерназар Алакөздиң тәрепи азшылық болғаны менен, берген антына садық болып көтерилисти даўам етеди. «Ерназар бий қолдаўлы, бул нағыз бас көтериўши, әсиресе «Он төрт руўдағы» қарақалпақлар Зарлықты ханға тутып бергенинен кейин нағыз душпан болып алды. Ол өзиниң дөгерегиндеги 700 хожалықты жыйнап алып, күшли қорған салып, сонда қорғанып жатты»[3]—деп жазады хан тарийхшысы.

Өзиниң «Ерназар бий» деген поэмасында бул ўақыялар туўралы Бердақ былай дейди:

Бийлер келип мәсләхәт етти,
Зарлық ханды алып кетти,

---

[1] Камалов С. Қарақалпақлардың XIX әсирдеги Хийўа ханларына қарсы гүреслери... 100-бет.

[2] Материалы по истории каркалпаков. Москва, 1935, 137-бет.

[3] Материалы по истории каркалпаков. Москва, 1935, 137-бет.

Хийўа ханын хош ўақ етти,
Хансыз қалды Ерназар бий.
Қалғанларды жыйнап алды,
Излим жолға қала салды,
Тәғдирге тәўекел қылды,
Мәрт туўылған Ерназар бий.

«Ерназар дәслеп қорғанды «Қырғы қала» деген жерден салған»,— деген еди бизге 1950-жылы информаторымыз Қазақдәрьялы мархум Мухаммеддин Оразымбетов. — Бирақ, ол қорған суўдан қашықлаў болған. Оннан кейин қорған Арал теңизиниң жағасына Қазақ дәрьясының қуяр жерине салынды. Оның дөгерегине бийик етип топырақ үйилген ҳәм терең етип ор қазылған. Оның аты «Ерназар қала» (4-сүўрет). Ол Мойнақ районының Қазақдәрья совхозында жайласқан. Мен 1950-жылы көргенимде қорғанның қалдығы билинер-билинбес болып тур еди. Өйткени, ол бир неше мәрте суў астында қалған. Соңғы жыллары Қазақдәрья эксковатор менен қазыўына байланыслы қорғанның үстинен трактор ҳәм автомашиналар жүрип кеткен, сонлықтан ҳәзирги күнлери оны бирден табыў қыйын. Бул жер суўға жақын. Қазақдәрьяның душшы суўы бар, балық десе көлдиң балығы бар, қамыс десе мал оты қамысы бар ҳәм қазақларға жақын. Теңизге орыслардың пароходлары да келип турады, сонлықтан Ерназар қорғанды усы жерден саламыз деген»[1] (5-сүўрет).

1856-жылы 29-мартта Сейид Мухаммед хан басында Бала-Ерназар ҳәм Сайыпназар бий болған он төрт руў бийлерин жыйнап алып, оларға өзиниң әскерин қосып, қарақалпақлардың көтерилисин басыўға жибереди. Қарақалпақлар бул ўақытта бир-бирине қарама-қарсы еки топарға бөлинсе де, жоқарыда айтылған Бала-Ерназар менен Сайыпназар бийдиң қол астындағы руўлардың

[1] Камалов С. Қарақалпақлардың XIX әсирдеги Хийўа ханларына қарсы гүреслери... 100-бет.




*4-сүўрет.*

**Ерназар Алакөздиң Излим жолға салған қорғанының схемасы**




*5-сүўрет.*

**Ерназар Алакөздиң Қазақдәрья бойында салған қорғанының схемасы.**

ишинде де көтерилисти даўам етип атырған қарақалпақларды күшли түрде қоллаўшылары болса керек, өйткени Хийўа әскер басшысы Махмуднияз әскерлери менен Әмиўдәрьядан өткеннен кейин тез көтерилистиң орайына барыўға батылы бармайды. Ол әскериниң бир бөлегин Бала-Ерназарға берип, қалған әскерлери менен ҳәр тоқтаған жерде бес-алты қонып жүреди. Ол Хийўадан шыққан соң Шымбайға еки айда зорға жетеди. Оның кеўлине он төрт руў бийлери өз руўларын тәртипке салып, соның менен Ерназар Алакөздиң қорғанына топылыс жасай бериўге таярланып қойыўы керек болған.

Махмуднияз жасаўыл басы Шымбайға келиўи менен Хийўа ханының әскерлери тийкарғы күш пенен Ерназар Алакөздиң қорғанына топылыс жасайды. Бирақ тек Махмуднияз басқарған әскерлердиң қорғанды алыўға күши жетпесе керек. Өйткени, 1856-жылы 8-июньде Махмуднияз Қоңырат ҳәкими Қутлымураттың басшылығында әскерлер алдырады. Көп күш пенен қорғанды қоршап алады.

Усы күнлери Дәўқара әтирапында жайласқан қазақлар көтерилисшилерге жәрдем бериў ушын ҳәрекет жасаған. Бирақ Махмуднияз жасаўыл басы оларға Азберген бийди жиберип, ол ҳәрекетти бастырған. Кейин ол әскерлери менен Ерназар Алакөздиң қорғанына топылыс жасаўға қатнасады.

Халық аңызларына қарағанда, қорғанды алыў қыйын болғанлықтан Махмуднияз жасаўыл басы оның ишине жансызларды жиберген. Олар қорғанның ишиндеги Ерназар Алакөзге жақын адамлардан Жәлеке, Шоңқы деген еки адамды, оны өлтирсеңиз хан сизлерге бийлик атақ береди деп үгитлейди. 1856-жылдың 12-июнь күни түнде Шоңқы қорғанды аралап жүрген Ерназар Алакөзди атады. Ерназар аўыр жарадар болып, өзиниң қара үйине келип өледи. Оннан кейин Хийўалылар қорғанға басып кирип келип Ерназардың басын кесип алады.

Халық аўызынан жыйналған бир аңызда «Хийўа әскерлери қорғанды алыўдан үмитти үзген еди. Егерде

усы қыянетшилик иске аспағанда, еки күннен кейин олар қорғанды таслап кететуғын еди»[1] делинген. Егерде биз Махмуднияз жасаўыл басының сол күнлери қорғанның қасынан Хийўаға Матмурат дийўан бегине жиберген хатына дыққат аўдарсақ, бул аңыздың раслығына исенемиз. Ол өзиниң хатында қорғанды қоршап турғанлардың азық-аўқат пенен жақсы тәмийин етилмей атырғанлығын билдирип, дийўан бегиден «Оларды (қорғанды қоршап турғанларды С.К.) тарқатып жибериўге рухсат етиңиз, ямаса жақсы шыныққан жүзелиў атлы әскерлер жибериңиз»[2]—деп өтиниш етеди. Бул демек, қорғандағы көтерилисшилерди қорғаннан тысқарыдағы халықтың еле де қуўатлап, оларға жәрдем берип отырғанлығын билдиреди. Бирақ, көтерилисшилердиң басшысы Ерназар Алакөздиң қыянетшилик пенен өлтирилиўи көтерилисти жеңилиске алып келди.

Солай етип, Бала-Ерназар бий қусаған қарақалпақ бийлериниң сатқынлығы нәтийжесинде 1855-жылдың ноябринде басланған қарақалпақ халқының халық азатлық гүреси 1856-жылдың июнь айының ортасында 8 айдан кейин Сейид Мухаммед хан тәрепинен аяўсыз түрде бастырылады.

Махмудинияз жасаўыл басы Ерназар Алакөздиң геллесин алып әскерлери менен Хийўаға қайтады. Ерназар Алакөздиң денесин халық қорғанның түслик тәрепине жерлейди. Ерназардың ағасы Искендер ҳәм үлкен баласы Хожеке Хийўада дарға асылады. Екинши ҳаялынан болған кишкене баласы 8 айлық Мәмбетназарды халық қыз кийимин кийгизип, аман алып қалады. Ерназардың жас ҳаялын Хийўалылар көтерилисти басқарыўға белсене қатнасқан қолдаўлы руўынан Мамыт бийге береди. Ерназардың анасы Қумар менен үлкен ҳаялын хан ақ үйли етип сақлайды. «Оларды көп сынақлардан өткергеннен соң Сейид Мухаммед хан,

---

[1] Камалов С. Каракалпакии в XVIII—XIX вв., 220-бет.
[2] Камалов С. Каракалпакии в XVIII—XIX веках., 220-бет.

Ерназардың батыр болғанының себеби анасы батыр екен ғой»—деген екен. Бир жылдай өткеннен соң қазақлардың Батық деген бийи Хийўа ханына қәтере салып, Ерназардың анасы Қумарды елине қайтарады.

Көterилиске белсене қатнасқан Зарлықтың туўысқан иниси Султан Серғазы Абдулғазиев, Султан Алланазар Жанғазиев, қыпшақ руўынан Алыўшы Қутлыбаев, Файзулла Қуўанышов ҳәм басқалар орыслардың ишине қашып барған. Ал ақмаңғыт руўынан Ерназар Палўан бий узақ ўақыт дәрьяның ар жағына кетип, түркменлердиң арасында Сарай көл деген жерде жасырынып жүрген.

Хийўа әскерлери ҳәм басында Бала-Ерназар менен Сайыпназар бийлер болған қарақалпақ бийлери 1856-жылы 25-июньде Хийўаға келеди. 1855—1856-жыллардағы көтерилисти бастырыў Хийўа ханы ушын оғада үлкен әҳмийетке ийе болғанлығы соншелли, ханлық ушын экономикалық жақтан оғада қыйын болыўына қарамастан, Сейид Мухаммед хан көтерилисти бастырыўға қатнасқанларды сыйлықлаў ушын 1922-жылы тилла (алтын) бөлип шығарады. Сыйлық алғанлардың ишинде көп сыйлықларды көтерилисти бастырыўға белсене қатнасқан руў баслықлары алған. Бийлерге берилген сыйлықлардың көлеми 5 тилладан 50 тиллаға дейин барады. Бул ҳәр кимниң қосқан үлесине қарай берилген болыўы керек. Мәселен Бала-Ерназар бий ҳәм Сайыпназар бийлер ҳәр қайсысы 50 тилладан алған. Қытай руўынан Әдил бий-25 тилла, қолдаўлы руўынан Шержан бий, терис тамғалы руўынан Фазыл бий, қаңлы руўынан Әбди бийлер-20 тилладан, қоңырат руўынан Ораз бий, қазаяқлы руўынан Алий Мухаммед бий, қуйын руўынан Қәдир Мухаммед жүз басы, бессары руўынан Жәнибек бий, маңғыт руўынан Сейтназар бийлер 15 тилладан, қолдаўлы руўынан Қутлымурат жүзбасы, терис тамғалы руўынан Төрением бий, қостамғалы руўынан Арзы бий ҳәм Абдулла бийлер, баймақлы руўынан Рахманберди бий, балғалы руўынан Арық бий, қытай руўынан Шәрип мәҳрем, Асан бий ҳәм Расули

жүзбасылар, қыпшақ руўынан Ережеп ҳәм Сырым бийлер, кенегес руўынан Нуралы бийлер 10 тилладан сыйлық алған. Усы бийлер менен бир қатар, көтерилисти бастырыўға қатнасқан моллалар да 10 тилладан сыйлық алған. Олардың ишинде қолдаўлы руўынан Молла Мамыт, ашамайлы руўынан Молла Шәрип, айтеке руўынан молла Ермухаммед, ырғақлы руўынан молла Шерим, қазаяқлы руўынан молла Ишназар, маңғыт руўынан молла Үскенбайлар бар. Басқа қарақалпақ бийлериниң алған сыйлықлары 5 тилладан артық емес ҳәм 5 тилладан сыйлық алған бийлердиң саны әдеўир бар. Соған қарағанда, хан көтерилисти бастырыўға қатнаспағанларға да сыйлық бериў жолы менен барлық бийлерди өз тәрепине өткерип алып, келешекте көтерилис шығармаўы ушын аўыз бастырық ретинде жалпыламай олардың ҳәр қайсысына 5 тилладан сыйлық берген болыўы керек.

Сыйлық алғанлардың ишинде қарақалпақ бийлери менен қатар, басында Қутлымурат бий болған араллы бийлер ҳәм басында Азберген бий болған қазақ бийлериниң де атлары аталады. Биз жоқарыда көрсетип өткендей-ақ, бул реакцияшыл феодал руў басшылары өзбек ҳәм қазақлардың көтерилислерин басқаннан кейин Хийўа ханына қарақалпақлардың көтерилисин басыўға да белсене жәрдем берген еди.

## ЖУЎМАҚ

Қарақалпақлардың 1855—1856-жыллардағы көтерилиси Хийўа ханларының оғада аўыр езиўшилигиниң нәтийжесинде келип шықты. Удайына болып турған феодаллық урыслардың ақыбетинде халықтың апатшылыққа ушыраўы ҳәм 1855-жылда болған ашлық олардың аўҳалын адам шыдамаслық жағдайға алып келди. Көтерилис ханның ҳәм миллий езиўшиликке қарсы болған халық азатлық гүреси сыпатында келип шықты. Өйткени қандай да болмасын езиўшилик халықтың кең массаларының қарсылығын туўғызады, ал миллий жақтан езилген халықтың оған ҳәр қандай қарсылық көрсетиўи миллий азатлық көтерилиси болып есапланады. Бул көтерилисте дәслеп феодал руў басшылары менен руўханыйлар ҳәм халық массалары бир фронт болып ҳәрекет жасады.

Көтерилистиң тийкарғы мақсети өз алдына мәмлекетшиликти тиклеў ҳәм Хийўадан ғәрезсиз болыў еди. Хийўа ханларының жаўызлығына қарсы ханлықтағы басқа халықлар да, яғный түркменлер, қазақлар ҳәм араллы өзбеклер көтерилис жасады. Қарақалпақлар көтерилистиң дәслепки айларында усы туўысқан халықлар менен бирге ҳәрекет етти. Бул ўақытларда ҳәрекет табыслы ҳәм массалық түрге ийе болды. Олар биригип аз да болса өз ханлығына (мәмлекетине) ийе болып турды. Бирақ, Хийўа ханларының бир халықты екинши халыққа қарсы қойыў сиясаты үстем келип, көтерилисшилердиң аўқамын ыдыратып, олардың арасынан сатқынлар шығып, Хийўа ханы Сейид Мухаммедке көтерилисти бастырыўға жәрдем берди.

Көтерилисти бастан аяғына дейин Ерназар Алакөз басқарып барды, ал қарақалпақлардың ханы Зарлық тек үстиртин рольлерди атқарады. Ерназар Алакөз Хийўа ханы тәрепинен көбирек зыян ҳәм жәбир көрген оппозициялық пикирдеги руў басшыларының топарына жататуғын еди. Қарақалпақлардың басқа феодал топарына қарағанда Ерназар Алакөздиң топары өзиниң

сиясий мәплери бойынша халыққа бир қанша жақынырақ болған.

Ерназар Алакөз көтерилиске басшы болғаннан соң көпшилик халыққа сүйениўге қорыққан жоқ, бирақ соның менен бирге, ол қарақалпақ мийнеткешлери менен руў басшыларының мәплериниң бир-бирине қарама-қарсы екенлигин түсиниў дәрежесине көтериле алмады. Пүткил халықты Хийўа ханына қарсы көтере отырып, оларды реакцияшыл руў баслықларына қарсы гүреске шақырмады. Өйткени бирден-бир мақсет қарақалпақларды өзлериниң еркин ханлығына ийе етиўден ибарат еди.

Феодаллық жәмийеттеги ҳәр бир халық азатлық ҳәрекетине тән болған анық белгили жойбардың болмаўынан басқа, көтерилисти сөзсиз жеңилиске алып келген басқа да бир айрықша себеп болды. Ол себеп қарақалпақларда патриархаллық-феодаллық қатнасықлардың үстемлик сүриўи еди. Патриархал-руўшылық турмыс халық массасының санасын беккем шырмап алғанлықтан, олардың миллий сезими еле толық раўажланбаған еди. Қарақалпақ халқының халық азатлық гүреси трагедиясының тийкарғы себеби мине усыдан ибарат.

Соның менен бул азатлық көтерилиси қарақалпақ халқының өз азатлығы, ғәрезсизлиги, еркинлиги, мәмлекетлик дүзими ушын ханларға қарсы удайына гүрес жүргизип келгенлигиниң гүўасы болып есапланады. Өзиниң усы гүреслериниң нәтийжесинде қарақалпақлар ханлықтағы басқа туўысқан қазақ, түркмен, өзбеклер менен биргеликте ҳәрекет жасаса ғана белгили бир мақсетке ерисе алатуғынын түсинди.

Көтерилистиң басшысы Ерназар Алакөз туўралы сөз еткенде, оның ҳәрекетиндеги жақсы жақларын айтпаўға болмайды. Көтерилистиң басында оны ақырына дейин алып барыўға ант ишкен Бала-Ерназар бий ҳәм басқа бийлер берген антын бузып, өз халқының мәпине қыянет етип, көтерилис-шилерге қыйын болған жағдайда Хийўа ханының тәрепине өтип, көтерилисти басыў ушын Хийўа

әскерлерин баслап келген ўақытта Ерназар Алакөз қорыққан жоқ. Керисинше, ол Хийўа ханының «ҳүрметли» адамлары болған, өз халқына қыянет ислеген бийлердиң хан менен жарастырайық деген усынысын қабыл алмай, көтерилисшилерди өз әтирапына жәмлеп, соңғы демине дейин қаҳарманлық пенен гүрес жүргизди. Соның ушын Ерназар Алакөздиң қаҳарманлығын халқы усы күнге дейин батырым деп ядында сақлап киятыр. Оның әдиллиги, батырлығы туўралы халық аўзында оғада көп аңызлар сақланған. Ол ҳәзирги күнге дейин ўәдесинде туратуғын, бир сөзли мәрт адамның үлгиси болып киятыр. Ерназар Алакөз халыққа керек адам еди. Соның ушын да Бердақ шайыр өзиниң «Ерназар бий» деген поэмасында:

«Гөруғлы бектей ер еди,
Қатарда қосы тар еди,
Толы журтқа дәркар еди,
Шейт өлди Ерназар бий»,—

Мен усы жерде Өзбекистан халық шайыры, Өзбекистан қаҳарманы Ибрайым Юсуповтың «Ерназар Алакөздиң естелигине» деген қосығын толық келтирмекшимен.

Кешир ессиз бабам, келдим қасыңа,
Саған алып келген гүлим де жоқ бир,
Ақлықларың қорқа-қорқа басыңа,
Еплеп белги салған. Оған да шүкир.

Кимди қорқытпаған сениң әрўағың,
Теңиздиң ең соңғы жолбарысы да,
Қамыслықтан шығып оқ тийген шағы,
Түнеп өлген дейди сениң қасыңда.

Ҳәмме қорқты, сен қорқпадың ҳеш кимнен,
Ала көзиңе ким тикленип бақты?
Кең даланы дүсирлеткен сестиңнен,
Талай солқылдаған ханлардың тахты.

Сени қанлы кектиң қурбаны десер,
Жоқ, баслы муддәхаң ол емес еди,
Қорланған халықтың кеўлиндеги шер,
Жүрегинде жанған отты көседи.

Бул жанған от әтирапында топланған,
Өзбек, қарақалпақ, түркмену-қазақ,
Сабыр касалары толып шайпалған,
Мазлум халықлар еди көп шеккен азап.

Теңиз етегинде сыбайлас қонған,
Бул халықларда тек бир мақсет бар еди,
Бийғәрез ел болып, бир тәниў-бир жан,
Дарқан жасаў ушын умтылар еди.

Сен сонда қорланған халықты қуўантып,
Мәртлик руўх берип ақыл санаға,
Жүректеги жалыныңнан тутанып,
Азатлық гүлханын жақтың далаға.

Бирлестирди бийик мақсетлериңиз,
Миллет айырыў жоқ бундай халықта,
«Биз ҳәммемиз сахра өзбеклеримиз»,
Деген хатың сақлаўлы тур тарийхта.

Ханның қоңыраўлы палўанын жыққан,
Палўан ғана емес, мәрт батыр едиң,
Мәзи батыр емес, халықтан шыққан,
Бийик сиясатшы ҳәм ақыл едиң.

Сендей мәрт туўылар Ерлик, Даналық,
Екеўиниң тил табысқан жеринен,
Рахмет, анамыз Қумар аналық,
Жолбарыстың жүрегине жериген.

Алмас қылыш сермеп ашшы қыйқыўлап,
Гөруғлыдай миндиң Ғайрат белине,

Ханлар өрре турды жүреги суўлап,
Қастын тигип қарақалпақ елине.

Шайқастың хан қәҳәринен тартынбай,
Хан ләшкери бирақ санақсыз еди,
Алма жеген алпыс бийдиң антындай,
Заман абыржы ҳәм турақсыз еди.

Арысланды алар түлки ҳийлеси,
Ханның сумлығына ким ҳәмел қылар?
Ол бәрҳама сатқын менен тиллесип,
Душпанын өзине өзин алдырар.

Бул тарийхта ең бир сыналған тәсил,
Барлық ўақты мәртти нәмәртлер сатар,
Ағайынди азғырғанда Әзәзул,
Бет алдыңнан емес, арқаңнан атар...

Кешир әзийз бабам, турман қасында,
Өзимше тарийхый ойларға шөмип,
Өлмес руўхың гезер ел арасында,
Денеңди бул жерге кетсе де көмип,

Ҳәзир сондай заман сен әрман еткен,
Шалқып есер ғәрезсизлик самалы,
Сен ҳәм Аллаярлар жан пидә еткен,
Бул дарқанлық ҳәм азатлық заманы.

Заман ҳәзир еркин мүнәсибетли,
Қәдириятлар қәдирин журт билип тур,
Ата-баба жолы тереқ ҳүрметли,
Гәп заманда емес, бизде болып тур.

Журтлар сиздей бабаларын яд етип,
Ас берип, ҳаққыңа дуўа қылмақта,
Бизлер сениң руўхыңды шад етип,
Жарамадық жөнлеп еске алмаққа.

Өтмиш руўхын тойдырмасақ биз бүгин,
Ертеңги күн өз руўхымыз аш қалар,
Өзин сыйламаса, танып өзлигин,
Ол кисини қалай сыйлар басқалар?

Кеширимли болар үлкен әўлийе,
Мейли, даңқлы баба, бузба уйқыңды,
Алтынға қашандур табылар ийе,
Жүзге сүртер топырағыңнан қыйқымды.

Халқың бар өзиңдей мәртти туўа алған,
Әпиў ет бийпарўа зүриятларыңды,
Узын көйленкесин көрип қуўанған,
Бизиңдей болымсыз әўладларыңды[1].

Ерназар Алакөз өлгенде барлық руўлар қыйланған. Олар ҳәтте Ерназар Алакөзди алып қала алмадыңыз деп қолдаўлыларға наразылығын билдирген. Мүйтен руўынан шыққан классик шайыр Өтеш «Бердақ бақсыға жуўап» деген қосығында Ерназарды қайтпас халық батыры еди деп келип, былай деп жазған:

«Жетер болғанында қолың мийўаға,
Босқа жүк артқандай болды тийўаға (түйеге),
Басшы болып қол салғанда Хийўаға,
Шайтанның сөзине ерген қолдаўлы.

Ерназар қәдирин ҳасла билмедиң,
Сумлық әйлеп, айтқанына жүрмедиң,
Билдирместен қуртыўға қол сермедиң,
Айып билмес ҳаслы натық қолдаўлы».

Мен 1948-жылдан берли усы 1855—1856-жылғы ҳәм басқа халық азатлық гүреслер туўралы Қарақалпақстан

---

1 Юсупов И. Өмир саған ашықпан. Сайланды шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы 1999ж. 447-450-бетлер.

Республикасы, Хорезм ҳәм Ташаўыз ўәлаятларында мағлыўматлар излеп жүрмен. Бирақ мениң менен гүрриңлескен адамлардың ҳеш қайсысынан, мәйли ол өзбек пе, қазақ па, қарақалпақ па, түркмен бе, Ерназар Алакөз туўралы бир де жаман сөз еситпедим. Ҳәммеси де «халыққа дәркар батыр еди» деген сөзди айтады. Жоқарыда көрсетилгениндей-ақ, Ерназар туўралы «ақмақ», жарамсыз деген сөз тек XIX әсирдеги Хийўа сарай тарийхшылары тәрепинен жазылған. Әлбетте, ханның сарай тарийхшылары ондай халық батырларын мақтамайды-ғой.

Президентимиз И.А.Каримов айтқанындай, Ерназар Алакөз әдиллик ҳәм теңлик, азатлық ҳәм еркинлик ушын гүрескен халық қаҳарманы[1]. Оның руўхы бүгинги бизлердиң Өзбекистан Республикасы менен бирге ғәрезсизлигимизди беккемлеў ушын жүргизип атырған гүресимизге жәрдемин тийгизеди. Ерназар Алакөздиң образы — бул руўхландырыўшы күш.

Бул көтерилис бастырылған менен, ханлықта ғаўасат пәсеңлемеди. Халық арасында Сейид Мухаммед ханның сиясатына, әсиресе оның жергиликли жерлерге қойған ўәкиллерине қарсылық күшейип кетти. Бул сапары ханға қарсы ҳәрекеттиң орайы Қоңырат қаласы болды.

1858-жылдың гүзинде әдилсизликтен, аўыр салықлардан азап шеккен Қоңырат халықлары, яғный қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар Хийўа ханына ҳәм оның Қоңыраттағы ҳәкими ҳәм басқа ҳәмелдарларға қарсы көтерилис шығарады. Көтерилис 1859-жылдың жазына дейин даўам етеди. Бирақ бул да бастырылады. Қоңыраттың ҳәкими Қутлымуратты өлтирип, көтерилисшилер ол ҳәрекеттиң басына узақ жыллар Хийўа ханларына қарсы урысып келген Төре суўпының ақлығы Мухаммед-фенаны қояды. Олар Ерназар Алакөздиң идеясын даўам етип өзлериниң алдына Қоңыратты Хийўа

---

1 Каримов И. Янгича тафаккур замон талаби. Том 6. — Ташкент, 1998. 268-бет.

ханлығынан бөлип алып, өз алдына ғәрезсиз Арал ханлығын дүзиўди мақсет етип қояды.

Көтерилиске қаладан тысқары Әмиўдәрьяның сол жағында туратуғын барлық қарақалпақларға, өзбеклер, қазақлар қосылады. Мухаммед-фенаны түркменлердиң яўмыт руўы да қуўатлайды ҳәм олардың ханы Атамурат Мухаммед-фенаны хан деп жәриялайды.

1859-жылдың март айында Мухаммед-фена Россия ҳүкиметинен Хийўа ханына қарсы гүрес жүргизиў ушын жәрдем сорайды. Россия ҳүкимети Қоңыратқа капитан Алексей Бутаковтың басшылығында рус жаўынгерлери менен пароход жибереди. Орыс әскерлери 1859-жылы июньде Қоңыратты қоршап турған Сейид Мухаммед ханның он мың әскерин қайтарып, Қоңыратты қоршаўдан азат етти. Мухаммед-фена орыслардың бул жәрдемине қанаатланбай А.Бутаковтан барлық Хийўа ханлығын жаўлап алып бересең деп талап етеди. Ҳүкиметинен бундай көрсетпе болмағаннан кейин, орыслар сол жылы июль айында Қоңыратты таслап өз елине қайтып кетеди.

Буннан кейин көтерилисшилер арасында ала-аўызлық туўылады. Хийўа ханы астыртын адам жиберип, Мухаммед-фенаны өлтиреди. Қоңыратты басқарыў ушын Мәтмурат бийди ҳәким етип жибереди. 1859-жылы август айында Қоңырат қайтадан Хийўа ханлығына қосылады.

Сейид Мухаммед хан усы 1855—1956-жылғы ҳәм 1858—1859-жыллардағы Қоңыраттағы көтерилислерди бастырғаннан соң қарақалпақларды басқарыў тәртибине үлкен өзгерис киргизиўге мәжбүр болады. Бурын олардың басқарыў тәртибиндеги ең үлкен лаўазым бий болып есапланатуғын еди. 1859-жылдан баслап бийлер (Қоңыратларда 44, он төрт руўда 45 бий болған) аталықларға бағынатуғын болды. Барлығы болып 4 аталық, соның ишинде 2 аталығы қоңыратлыларда, еки аталығы он төрт руўда болды. Аталықлар беглер бегине бағынатуғын болды. Ҳәммеси еки беглер беги, биреўи қоңыратлыларда, екиншиси он төрт руўда болды. Оған

қосымша беглер бегилердиң орынбасарлары ретинде еки найып лаўызымын орнатты. Оның да биреўи қоңыратлыларда, биреўи он төрт руўда болды. Бийлердиң, аталықлардың, беглер беги ҳәм олардың орынбасарларының жумысларына бақлаў жүргизип, хан менен тиккелей бирге исленетуғын аға бий деген ең жоқарғы лаўазым орнатылды. Сейид Мухаммед хан усы лаўазымларға 1855—1956 ҳәм 1858—1859-жыллардағы халық азатлық көтерилислерди бастырыўға белсене қатнасып, халқын аяўсыз қанға бояған бийлерди қойып шықты. Аға бий лаўазымын Хийўа ханларының әскерлеринде көп хызмет еткен, бийлер арасындағы ең абыройлы қыпшақ Ережеп бийге берилди (ол 1873-жылға дейин, яғный Хийўаны Россия жаўлап алғанға дейин аға бий болып келди). Беглер беги лаўазымы биринши гезекте қарақалпақлардың көтерилисин басыўға белсене қатнасқа 50 тилла сыйлық алған маңғыт руўынан Сайыпназар бийге берилди. Екинши болып ол лаўазымды Қоңыраттағы көтерилисти бастырыўға белсене қатнасқан Қоңырат терис тамғалы руўынан Қабыл бий алды. Оларға найып болып бессары руўынан Халмухаммед ҳәм қолдаўлы урыўынан Шержан бий бекитилди. Аталық лаўазымын Сейид Мухаммед хан биринши гезекте көтерилисшилерге қыянетшилик етип 50 тилла сыйлық алған Бала-Ерназарға берген (ол усы лаўазымда 1863-жылы ханның Урал бойларына шабылыўын басқарған). 1872-жылы ханның елшиси болып Оренбургқа барып қайтқан. Оннан кейин, қыпшақ руўынан Сырым бийди, қолдаўлы руўынан Ораз бийди ҳәм молла Мамыт бийлерди аталық лаўазымына қояды. Сейид Мухаммед хан бий ҳәм басқа лаўазымларда турғанларды ҳәр тәреплеме тексерип көрип шығып, қайтадан бекитеди.

Солай етип, Сейид Мухаммед хан 1855—1959-жыллар аралығында ханлыққа қарсы болып өткен еки көтерилистиң нәтийжесинде қарақалпақларды өзлерин өзлерине бағындырып, басқарыў системасын орнатыўға мәжбүр болды. Халықтың бийлерге, бийлердиң аталықларға, аталықлардың беглер бегилерге, беглер

бегилердиң аға бийге, аға бийдиң ханға бағыныў тәртиби бул мәмлекетлик системаның белгиси. Енди қарақалпақлар ханлықтың қурамындағы мәмлекет формасына ийе болды. Демек, олардың мәмлекетшилиги XIX әсирдиң ортасында тикленди. Бул, әлбетте, ханның өзиниң ықтыяры менен емес, ал Ерназар Алакөз қусаған халық қаҳарманларының күш салыўларының нәтийжесинде иске асты. Бирақ қарақалпақлардың усы қәлиптеги мәмлекетшилиги 1873-жылдың май айына дейин, яғный рус патшалығы Хийўа ханлығын жаўлап алғанға дейин даўам етти. Усы жылдан баслап Патша ҳүкимети қарақалпақларды екиге бөлип таслады, бир бөлеги Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде, Хийўа ханлығы қурамында қалды, бир бөлеги дәрьяның оң тәрепинде Россия қурамында қалды. Россия қурамындағылар түрли волостларға бөлинип жасады.

Солай етип, мәмлекетшилик сапластырылды. 1924-жылы Совет ҳүкимети дәўиринде Қарақалпақ Автономиялы областы дүзилип қарақалпақлардың мәмлекетшилиги қайтадан тикленди. Ҳәзир ғәрезсизлик заманында халқымыздың мәмлекети еркин Қарақалпақстан Республикасы деп аталып, өзиниң жаңадан раўажланыў дәўирин бастан өткерип атыр. Президентимиз И.А.Каримовтың сөзи менен айтқанда, «Әдиллик ҳәм теңлик, азатлық ҳәм еркинлик ушын гүрескен Ерназар Алакөз, Аллаяр Досназаров қусаған халық қаҳарманларының, мәрт, ер жүрек қарақалпақ перзентлериниң арзыў-әрманлары иске асты»[1].

---

[1] Каримов И. Янгича тафаккур замон талаби. Том 6., Ташкент, 1998ж.

## МАЗМУНЫ

Кириспе......................................................3
1855 – 1856-жыллардағы Хийўа ханларына қарсы халық азатлық көтерилиси ..........................7
Көтерилистиң бағдары ҳәм басшылары туўралы.....14
Көтерилистиң жеңилиўи ҳәм оның себеплери.........23
Жуўмақ......................................................33

**САБЫР КАМАЛОВ**

**ЕРНАЗАР АЛАКӨЗ**

# XIX ӘСИРДЕ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ МӘМЛЕКЕТШИЛИГИН ТИКЛЕГЕН ҚАҲАРМАН

*(Халық батыры Ерназар Алакөздиң туўылғанына 200 жыл толыўына бағышланады)*

Екинши басылым

Редактор *М. Жумабаева*
Көрк. ред *И. Сержанов*
Тех. редактор *Б. Турымбетов*
Оператор *А. Атагуллаева*

**Лицензия: Al № 108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Оригинал макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 19.10.2017-ж. Қағаз форматы 84x108 $^{1}/_{32}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы «SHKOLNAYA KRKP». Көлеми 1,75 б.т. 1,63 шәртли б.т. 1,69 есап б.т. Жәми 125 нусқа. Буйыртпа №34.

«Билим» баспасы. 230103, Нөкис қаласы,
Қарақалпақстан көшеси, 9.

К

ISBN 978-9943-4441-6-4

9 789943 444164

«БИЛИМ»